



Septanm 2018

Chè Paran/Responsab Legal,

Chak ane, Pwogram Vizyon Sante Lekòl (School Health Vision Program) la fè egzamen zye nan lekòl ou an pou timoun nan pre-kindègadenn, kindègadenn ak premyè ane. Nou tcheke pou asire timoun ou an ka wè byen nan chak zye.

Si timoun ou an pa pase nan egzamen zye an:

- N ap voye fòm E12S Eye Report and Recommendation (Rapò ak Rekòmandasyon pou Zye E12S la) ba w.*
- Tanpri ale ak timoun ou an kay yon doktè zye ansanm ak fòm lan.
- Si doktè a deside timoun ou an bezwen tretman, fè doktè a ranpli fòm lan.
- Tounen fòm ki fin ranpli a ban nou nan anvlòp ou jwenn la a, pou nou konnen timoun ou an te fè yon egzamen zye.

Li enpòtan pou timoun ou an ale kay yon doktè zye chak ane. Si timoun ou an gen yon pwoblèm nan zye ki grav, tretman an ka anpeche pwoblèm nan zye pou lavidiran. **Sou chak 30 timoun gen apeprè 1 ki gen yon pwoblèm ki rele anbliyopi (zye lanvè). Si yo pa trete anbliyopi a oplita nan laj 8 oswa 9 ane, li ka lakòz pèt kapasite pou wè grav oubyen menm timoun lan kapab vin avèg nan yon sèl zye.**

Si timoun ou an pa pase nan egzamen zye an, tanpri swiv machaswiv yo ki anwo a. Timoun ki pran tretman pou pwoblèm zye gen pi bon chans pou yo travay byen lekòl pase sila yo ki pa pran tretman.

Pwoteje zye timoun ou an pou w ba l yon pi bon chans pou yon bèl avni!

Ak tout kè mwen,

Roger Platt, MD
Asistan Komisè ak Direktè
Biwo Sante Lekòl



* Pou jwenn aksè a fòm lan sou entènèt, ale nan schools.nyc.gov epi chèche "eye report form" (fòm rapò pou zye).